



Chè fanmi,

Si pitit ou a fèt an 2019, li ka ale nan pre-K an otòn 2023! Avan peryòd aplikasyon a ouvri nan fen mwa janvyè a, nou ankouraje w pou ranseye w sou kat diferan anviwònman pwogram ki ofri pre-K. Jodi a, nou pral mete aksan sou Lekòl Distri yo.

Lekòl Distri se lekòl primè nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC DOE). Vil Nouyòk (NYC) gen 32 distri lekòl, epi nan distri sa yo genyen zòn. Gen kèk lekòl distri ki ofri pre-K. Gen de kalite lekòl distri: **sa ki pou zòn ak sa ki pa pou zòn**. Pifò lekòl distri yo klase dapre zòn, sa vle di aplikan ki abite nan yon zòn ki klase pou yon lekòl endividyèl gen priyorite pou yo ale nan lekòl sa a. Lekòl ki pa pou yon zòn patikilye bay aplikan ki abite nan menm distri avèk lekòl la priyorite. Ou ka konnen nan ki distri w ap viv epi idantifye lekòl ki nan zòn ou an (si sa aplikab) lè w antre adrès ou [la a!](#) **Fanmi ka aplike nan nenpòt lekòl ki enterese yo, menm si li pa nan zòn yo oswa distri yo.** Tanpri sonje se pa tout Lekòl Distri ki gen pre-K.

Gen twa distri nan Vil Nouyòk kote pa gen okenn lekòl ki pou yon zòn patikilye. Timoun ki abite nan Distri 1 (Lower East Side), Distri 7 (South Bronx), avèk Distri 23 (Brownsville), gen priyorite pou ale nan tout lekòl nan distri a.

Tout timoun NYC ki fèt an 2019 kapab aplike nan Lekòl Distri. Aplikan ki klase dapre zòn (si sa aplikab), frè ak sè, ak aplikan ki abite nan distri a resevwa priyorite pou pre-K nan chak lekòl distri a.

Ou ta ka konsidere anviwònman sa a si:

- Pitit ou a pral gen pi gran frè ak sè ki pral nan lekòl la otòn pwochen
- Pitit ou a abite nan zòn lekòl la oswa nan distri a
- Ou ta renmen pitit ou a rete nan menm lekòl la soti nan pre-K rive 5yèm ane (tout timoun ap bezwen re-aplike pou kindergaten, menm elèv ki nan lekòl la deja tou)

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale sou sitwèb nou an nan [nyc.gov/ PreK](https://nyc.gov/PreK) pou enfòmasyon sou admisyon pre-K. Nou rekòmande w pou ale nan [Anyè Pre-K \(Pre-K Directory\)](#) nan MySchools pou kòmanse eksplòre opsyon pwogram yo. Nan semèn kap vini yo nou pral pataje plis enfòmasyon pou ede w prepare pou admisyon pre-K!

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#)

Bòn chans,

Ekip Admisyon 3-K avèk Pre-K

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou koupe abònman an.